

ENSTRIKSYON POU PREPARASYON
Andoskopi Siperyè/ERCP/EUS Siperyè

Lè Arive an: _____

Dat: _____

Doktè: _____

Fè bagay sa yo **7 JOU ANVAN** pwosedè an:


Fè aranjman pou yon akonpanyatè: Ou ap resevwa medikaman kalman pandan pwosedè an pou rann ou detann epi gen dòmi nan zye ou, kòm konsekans ou pa ka kondi yon machin oswa al lakay ou pou kò ou apre pwosedè an. **Ou dwe gen yon adilt ki responsab pou akonpanye ou lakay ou; sinon pwosedè ou an ap anile epi repwograme. Pa gen okenn eksepsyon.** Tanpri enfòmè akonpanyatè ou an tout vizit lan ap dire anviwon 3 èdtan.

Si ou gen yon plan sante ki jere, rele pou asire yo ap kouvri pwosedè ou an.

Si ou ap pran Coumadin oswa anti-kowagilan - rele doktè ki preskri ou an pou enstriksyon espesyal sou desizyon pou kanpe medikaman an pou pwosedè ou an.

Pran medikaman regilye ou yo kòm dabitid, sa gen ladan l aspirin oswa analjezik NSAID.

Si ou bezwen anile oswa repwograme randevou ou an, rele (617) 44-2600 opsyon #1.



Fè bagay sa yo **2 JOU ANVAN** pwosedè an:

Konfime akonpanyatè ou an.

Fè bagay sa yo **7 JOU ANVAN** pwosedè an:

Lestoma ou dwe totalman vid pou pèmèt yon egzamen san danje. Tanpri PA MANJE ANYEN APRE MINUI nan swa anvan pwosedè an.

- **Ou gen dwa pran LIKID KI KLÈ SÈLMAN jiska 2 èdtan anvan randevou ou an, men OKENN MANJE SOLID.** Gade lis likid ki klè ki akseptab yo anba.
- **Pran medikaman abityèl ou yo ak yon gòje dlo, espesyalman medikaman tansyon ou yo.** Tanpri pote yon lis medikaman aktyèl ou yo.
- **Moun ki dyabetik yo- si ou pran ensilin nan maten, pran mwatye nan yon dòz ensilin nan maten pwosedè an.** Si ou pran yon konprime pou dyabèt ou an, ou gendwa sote l nan maten pwosedè an amwenske yo di ou yon lòt bagay. *Tanpri verifye nivo glikoz ou nan maten e si li fèb oswa si ou santi ou ap tranble, bwè ji pòm, bwason pou espò oswa soda.*
- **Asire ou akonpanyatè/chofè ou an disponib pou pase pran ou apre pwosedè an.**

Egzanp likid ki klè ou gendwa pran jiska 2 èdtan anvan randevou ou an:

- Ji pòm oswa ji rezen blan (Po an PA LADAN L)
- Bouyon ki klè e ki pa gen anyen ki solid
- Te ak kafe SAN lèt oswa krèm
- Soda, bwason pou espò, Kool-Aid, Jell-O, Baton krèm, (nenpòt koulè **eksepte wouj**)



830 Harrison Ave, Boston MA 02118

2^{zyèm} Etaj Batiman Moakley an
Suite 2200

617-414-2600 opsyon 1